


La Bib pou ti moun
prézanté

Kiltivatè a
ak grenn
nan



Ékri pa : Edward Hughes

Ilistré pa : M. Maillot; Lazarus
Alastair Paterson

Adapté pa : E. Frischbutter; Sarah S.

Tradwi pa : Ausky Salomon

Pwodwi pa : Bible for Children
www.M1914.org

©2025 Bible for Children, Inc.

Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopi istwa sa,
dépi sé pa pou van-n ou fè li.



Yon jou, Jezi t ap anseye bò
yon lak. Anpil moun te
rasanble pou koute li. Foul
la t ap vin pi gwo chak
jou.

Kisa Jezi t apral fè ?




Lè li te wè yon kannòt toupren a,
Jezi te monte ladan l. Kounye a, li
te kapab wè moun yo, epi yo te
ka wè l ak tande li.



Jezi te kòmanse ap rakonte parabòl
— kèk istwa sou bagay òdinè ki t
ape eksplike moun yo
sa Bondye ye.



"Yon kiltivatè t ap simen grenn nan jaden li." Istwa Jezi a te tankou yon imaj ak mo olye de desen.



Moun yo te ka imajine kiltivatè a k ap
travay — yo te wè l ap fè sa plizyè fwa.



Genyen kèk grenn ki te
tonbe bò wout la. Zwazo
yo te vini byen vit epi yo
te vale yo.



Kèk grenn te tonbe sou tè ki te plen
wòch yo. Yo te grandi byen vit pou
yo vin tounen ti plant fragil. Paske
rasin yo pa te rive fon nan tè a, solèy
cho a te boule yo.




Genyen lòt grenn ki te pran
rasin nan mitan pikan yo. Yo
pa te fè grenn. Pikan ki te antoure
jenn plant yo te bare solèy
la ak lapli yo te bezwen an.




Rès grenn yo te tonbe nan bon tè.


Tikraspatikras, yo te leve epi vin tounen
kèk plant fò ki te pwodui anpil nouvo grenn.
Kiltivatè a te kontan anpil.



Nan fen istwa a, disip yo te pwoche bò kote Jezi.
"Poukisa w ap pale ak yo an parabòl ?"
yo te mande li.



Jezi te reponn yo, parabòl yo te ede moun ki te renmen Bondye toutbon yo pou yo konprann Li. Moun ki pa te renmen Bondye pa te kapab konprann parabòl yo.



Aprè sa, Jezi te eksplike parabòl la.
Li te di yo grenn nan se te Pawòl Bondye.
Grenn ki te tonbe bò chemen an se tankou yon
moun ki tande men ki

pa konprann Pawòl
Bondye a. Satan
fè yo bliye sa


Bondye di.



Genyen lòt moun ki resevwa Pawòl la
byen vit. Yo tankou grenn sou tè wòch la.
Kou yon moun pase yo nan betiz oubyen kou bagay yo
vin difisil paske yo renmen Bondye,
yon bagay tris rive.



Menm moun sa yo ki te kòmanse suiv Jezi ak
kè kontan an, yo te abandone tout bagay epi yo
te dezobeyi Pawòl Bondye. Yo pa te vle fè
sakrifis la pou yo te suiv Bondye. Ala bagay
tris yo te pito fè zanmi yo plezi pase yo
te fè Bondye li !



Pikan yo ki nan
parabòl la se
tankou enkyetid
mond sa a ak lanmou
pou lajan ki nan lavi
moun yo. Yo twò okipe
ap eseye gen plis lajan
ak byen materyèl kidonk
yo mete Bondye soukote
nan lavi yo.



Grenn ki tonbe nan bon tè a epi ki bay yon bon rekòt la se tankou Pawòl Bondye a ki antre nan kè moun yo epi ki chanje lavi yo. Moun sa y ap sèvi epi y ap onore Bondye.



Foul la pa te vle ale. Anpil moun te vle suiv Bondye
epi fè li plezi. Parabòl Jezi yo te ede yo konprann
kijan yo te dwe obeyi Bondye.



Kiltivatè a ak grenn nan

Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,


Nap jwen-n nan

Matye 13


"Pawòl Bondyé poté limyè."

Sòm 119 : 130





43



60



Istwa biblik sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvèyé Bondyé
ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou
péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl
gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé
dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résisité, é Li monté nan
syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout
kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan
lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.

Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité, résité priyé sa :
"Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé pitit Bondyé, mwen kwè ké ou té mouri
pou mwen épi ou résisité ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen, padoné
péché mwen yo, pou mwen sa gen yon nouvo lavi kounyé-a la, konsa lè
gran jou-a va rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou l'éternité.
Édé-m obéyi-w é édém viv pou ou an tan ké pitit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou ! Jan 3 : 16

